Avi pou rezidan Melrose ak Morrisania konsènan maladi Legionnaires la

19 septanm 2026

Depatman Sante Vil New York ap mennen yon ankèt kounye a sou yon epidemi maladi Legionnaires nan katye Melrose ak Morrisania nan Sid Bronx (kòd postal 10451 ak 10456). Yo ap elaji kanpay sansibilizasyon an pou l rive nan kòd postal 10455 ak 10459 apre yo fin detekte kèk ka ki soti nan zòn ki toupre kòd postal 10456, youn nan de kòd postal kote ankèt nou an ap kontinye konsantre..

Risk pou w pran maladi Legionnaires la ba, men si w ap viv oswa travay nan youn nan zòn ki gen kòd postal sa yo, si w te vizite zòn nan nan mwa septanm nan, epi w ap santi sentòm maladi a, konsilte yon pwofesyonèl swen sante imedyatman. Pou jwenn èd pou w jwenn yon pwofesyonèl swen sante, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon w oswa asirans ou, rele 311 oswa 844-692-4692. Pou w jwenn dènye enfòmasyon yo, tankou kantite ka yo konfime, vizite **nyc.gov/legionnaires**.

Gen anpil chans pou gwo fòtèy refwadisman ki nan minisipalite a se sous bakteri *Legionella* ki lakòz epidemi lejyoneloz sa a. An jeneral, yo enstale fòtèy refwadisman sa yo sou tèt bilding yo. Yo ede kontwole tanperati sistèm refwadisman yo, tankou inite refrijerasyon. Fòtèy sa yo lage yon vapè dlo nan lè deyò a ki ka gen bakteri an ladan l.

Depatman Sante a ap fè tès sou gwo sistèm refwadisman (cooling towers) ki nan zòn nan. Y ap bay bilding ki gen sistèm sa yo, e ki jwenn rezilta pozitif pou prezans bakteri *Legionella*, òd pou yo netwaye epi dezenfekte sistèm refwadisman yo imedyatman..

Rezidan katye a ka bwè dlo tiyo san danje, lave kò yo, pran douch, kwit manje, epi itilize èkondisyone lakay yo.

Pou plis enfòmasyon oswa si w gen kesyon, eskane kòd QR la, vizite **nyc.gov/legionnaires**, call **311**, oswa voye yon imèl bay Depatman Sante a nan **communityaffairs@health.nyc.gov**.